# Muchina weSpincash

## Mari Dzakabhadharwa kuPurazi reMutungamiri weNyika nekuShamwari yeMutevedzeri weNyika Dzoteverwa neChibvumirano Chekuchera Koromu chinopa Mari Inosvika $120 Miriyoni


**Anoita mabasa ekuchera koromu wekuSouth Africa akabhadhara mari inosvika $3 miriyoni kumakambani anodyidzana nemutungamiriri wenyika yeZimbabwe uye nemutevedzeri wenyika mushure mekusainirana chibvumirano chinomupa mari inosvika $120 miriyoni munaMbudzi wegore ra2017.**

Zunaid Moti uyo ari chizvarwa chekuSouth, achifarira zvemota dzinomhanya kwazvo nefodya uku achimbobata-batawo munezvekutenga nekuvandudza dzimba uye ndege dzerudzi rwejeti, kana muri muZimbabwe, bhizinisi rake guru rainge riri rekuvandudza chicherwa chekoromu. Mugore ra2014 akatenga zvikamu zvinosvika 70% zveAfrican Chrome Fields (ACF), inove kambani inoita zvekuchera koromu nechepakati-pakati peZimbabwe.

Pakazosvika gore ra2015, ACF yainge yava kambani ine vainoshandidzana navo vane simba vakawanda: yainge yaita mubatanidzwa nechikamu chemauto enyika cheZimbabwe Defence Forces (ZDF) ndokuhaya mwanakomana waVaEmmerson Mnangagwa avo vaive Mutevedzeri weNyika panguva yacho kuti ave chipangamazano wekambani iyi. Muzvinabhizimisi anonzi Lishon Chipango—uyo akadomwa nevaneruzivo kuti ndiye aive "maneja panyaya dzebhizinisi" waVaConstantine Chiwenga avo vaive mutungamiriri wemauto eZDF panguva yacho—aivewo nemasheya zvisina kunanga mukambani yeACF achishandisa kambani yeSpincash Investments, inova kambani yeMoti Group holding yaive nemasheya anosvika 30% ekupedzisira yekambani yeACF.

Musi wa17 Mbudzi, mugore ra2017, Moti akasainirana chibvumirano chebasa naKudakwashe "Kuda" Tagwirei uyo anopa rutsigiro rwemari kubato riri kutonga—mukati chaimo mevhiki rose iro rakapedzwa paibvutwa masimba ehutongi zvikazoita kuti Mutungamiri wenyika VaEmmerson Mnangagwa nemutevedzeri weNyika VaChiwenga wave nemasimba—pachibvumirano ichocho Tagwirei

## Vane zvavakaita zvikuru




Emmerson Mnangagwa




Constantine Chiwenga




Zunaid Moti



Kudakwashe “Kuda” Tagwirei



Lishon Chipango



Justice George Chiweshe

akabhadhara mari inosvika $120 miriyoni * achitenga 30% yemasheya eSpincash kukambani yeACF. Ari nyanzvi panhau dzezvemaindasitiri uye achidyidzana nevari mune zvematongerwo enyika, Tagwirei akava chipangamazano waVaMnangagwa, uye panguva yechibvumirano chebasa ichi aipomerwa nyaya dzehuori dzakasiyana dzaisanganisira yemagetsi uye yechirongwa chekugoverwa kwezvekushandisa pakurima.

Chibvumirano chebasa cheSpincash chakateverwa nechiitiko chekufambisa mari icho makambani aMoti akabhadhara mari inosvika $130 miriyoni ichiendeswa zvishoma nezvishoma muzvikamu zvinosvika 595 kumakambani chaiyo akasiyana-siyana, kumakambani ane marekodzi asiri kuwanikwa, uye kumakambani anodyidzana nevari mune zvematongerwo enyika muZimbabwe. Mumwedzi waZvita, gore ra2017 uye mwedzi waNdira, gore ra2018, mari yakabhadharwa yaisanganisira mari inosvika $1 miriyoni yakabhadharwa kupurazi raVaMnangagwa uye mari inosvika $2 miriyoni yakabhadharwa

*Kunze kwekunge zvaratidzwa, mari dzose dzemadhora dziri kumiririra mari yeMadhora ekuAmerika (US$).

kukambani inodzorwa naChipango uyowo anonzi muzukuru waVaChiwenga. Muzvikamu zviviri zvakasiyana zvemari dzakabhadharwa mumwedzi waKukadzi mugore ra2018, kambani yeACF yakabhadharawo mari inosvika $100,000 kuna jaji agara nebasa anonzi Justice George Chiweshe, sechikamu chekutambanudza chibvumirano chekuchera koromu munzvimbo dzakabvumirwa kuti dziitwe mabasa aya nekambani yaanotungamira.

Kusarudzwa kwekuti chibvumirano ichi chebasa chiitwe musi wa17 Mbudzi, gore ra2017 pazuva rimwe chetero rakabvutwa masimba, kunomutsa mubvunzo kana paisava nekubatana kwaivapo pakati pezviitiko zviviri izvi. Zvichitevera kurwisana kwaivapo mubato reZimbabwe African National Union – Patriotic Front (ZANU-PF) kwegore rese, VaMnangagwa vakatiza ndokubuda munyika yeZimbabwe mushure mekunge vadzingwa basa semutevedzeri wemutungamiri wenyika neMutungamiri weNyika




(Kubva kuRuboshwe kuuya Kurudyi, vakapfeka masikavha) Kudakwashe Tagwirei, Zunaid Moti, uye Mu-tungamiri weNyika VaEmmerson Mnangagwa vachiparura fakitori itsva yekambani yeAfrican Chrome Fields muna 2018, ukuwo Emmerson Mnangagwa Junior (wechitatu tichibva kuruboshwe, akapfeka magirazi ezuva akaita egoridhe) akatarisa. Mufananidzo: African Chrome Fields, Facebook.

VaRobert Mugabe musi wa6 Mbudzi, gore ra2017. Achitungamirirwa naVaChiwenga, mauto enyika eZimbabwe Defence Forces (ZDF) akavhara migwagwa yose yemuHarare musi wa14 Mbudzi ndokupedza mazuva manomwe vachinyengetedza VaMugabe kuti vasiye masimba. Mushure mekusiya basa kwaVaMugabe musi wa21 Mbudzi, VaChiweshe—avo panguva iyi vaive mukuru wemajaji mudare repamusoro renyika—vakapa mutongo wekuti zvakaitwa nemauto enyika eZDF zvaive pamutemo ndokuti kudzingwa basa kwainge kwaitwa VaMnangagwa kwaive kunze kwemutemo uye kusingashandi, zvichipa mukana wekuti vadzorerwe pakuva mutevedzeri vemutungamiri wenyika uye vachibva vakwidziridzwa kuva mutungamiri wenyika. Mushure memavhiki mashanu, VaChiwenga vakava mutevedzeri vemutungamiri wenyika.

Mukuwirirana nekambani yeMoti Group, pane zviratidzo zvekuti kuitwa kwechibvumirano chebasa pamusi uyu wepanguva chaiyo yaibvutwa masimba uye mari dzakabhadharwa kune vaive mberi pakubvuta masimba zvinhu zvakangoitikawo panguva imwe chete zvisina kurongwa. Mashoko akarekodhwa pakurukurirano dzaiitwa nevaive mukambani yeMoti Group pamusoro pekuti nei zvibvumirano izvi zvebasa zvakaitika pamusi uyu anoratidza kuti vashandi vaitaura zvepachokwadi kuti panga pasina kubatana kwaivapo pakati pezvibvumirano zvebasa izvi nekubvutwa kwemasimba. Kambani yeMoti Group yakaramba kuti haina kumbobvira yabhadhara mari kune vezvematongerwo enyika.

Kunyange zvakadaro, hapana mubvunzo kuti Moti naTagwirei vakaita zvakafanana mukutsigira zvematongerwo enyika. Somuenzaniso, kambani yeMoti Group yakaendesa mota dzinosvika 50 kuna Tagwirei kuti dzizoshandiswa neZANU-PF mukutsvaka rutsigiro musarudzo dza2018, kunyange zvazvo Moti akati uku kwaingove kutengeserana kwakaitika. Mari inosvika $1 miriyoni yakabhadharwa kupurazi raVaMnangagwa haina tsanangudzo dzinogutsa— kungofananawo nemari yakanetsa uye isina kutsanangurwa kuti nei yaivepo yakawanikwa iri papurazi reMutungamiri weNyika yeSouth Africa VaCyril Ramaphosa—hainawo kutsanangurwa zvizere.

# Makuriro Akaita Kambani yeACF**

Moti akaita shamwari dzine simba pashure chaipo pekunge atenga zvikamu 70% zvekambani yeACF muna 2014. Pakazosvika mwedzi waKubvumbi wegore ra2015, kambani yeACF yainge yatoita mubatanidzwa nechikamu chemauto eZimbabwe cheZDF, sezvakatanga kushumwa nebepanhau reZimbabwe Independent. Mwedzi wakatevera wacho, Kambani yeACF yakahaya mwanakomana wevaiva mutevedzeri wemutungamiri wenyika panguva yacho anonzi Emmerson Mnangagwa Junior, kuti ashande sachipangamazano wekambani iyi achibhadharwa mari inosvika $5,000 pamwedzi wega-wega—iyo yaizokwira kusvika pa$10,000 nekufamba kwenguva—pahurongwa hwaizosvika mugore ra2019. Emmerson Mnangagwa Junior neMutungamiri weNyika VaMnangagwa vakaramba kupa rutivi rwavo pamusoro penyaya iyi.

Chibvumirano chemubatanidzwa wekambani yeACF nechikamu chemauto chenyika cheZDF chairatidza kuti mauto kana kuti vaizodomwa nemauto vaizowana zvikamu 30% zvemasheya zvainge zvasara zvekambani yeACF, kana zvaizotengeswa. Mukupedzisira, izvi zvakazotengwa nekambani yeSpincash Investments nemari inosvika $500,000 munaChikunguru wegore ra2015. Zvikamu zvizhini zvekambani yeSpincash zvaive zveshamwari dzaMoti, uye zvikamu zvishoma zviri zvaChipango uyo anoshandidzana naVaChiwenga.



Lishon Chipango. Mufananidzo: Still yakatorwa pavhidhiyo yepaVictory Business Forum, YouTube.

** Maripoti enyaya dzinobudiswa neThe Sentry anotsamira pahurukuro dzekubvunzurudza, tsvakurudzo yezvakanyorwa, uye, pazvakokodzera, paongororo yakadzama yemagwaro emafambisirwo akaitwa mari. Mune zvimwewo zviitiko, vane mashoko azere vanotaura neveThe Sentry vabvumirana kuti mazita avo asazoururwa, nekuti vanenge vachityira kuti vangazokuvadzwa kana kuti kuitirwa chiito chekutsiviwa. The Sentry inoita tsvakurudzo yekuona huchokwadi hwemashoko ainenge yawana kubva muhurukuro idzodzo ichishandisa mashoko evakazvimirira, akadai sepfungwa dzinopiwa nenyanzvi, mashoko edzimari, magwaro ekutangatanga ezviitiko, nemaripoti anopiwa nevanotora nhau. The Sentry inoedza kubata vanhu nemakambani anenge achitsanangurwa mumaripoti avo ichivapa mikana yekuti vape pfungwa dzavo nekupa mamwe mashoko akawedzerwa.


Pakutanga, zvikamu 25% zvekambani yeSpincash zvaive zvaChipango, asi nekufamba kwenguva zvakazodzikira kusvika pa15%. Sezvazviri, mugore ra2015, Chipango aive nezvikamu 7.5% zvekambani yeACF, zvinova zvakazodzikira kusvika pa4.5% pakazosvika gore ra2016. Mukuwirirana nekambani yeMoti Group, Chipango haana kubhadhara chinhu pamasheya aya, sezvo ainge "atengeswa kwaari pachibvumirano chekuti aizoabhadharira nekufamba kwenguva, asi haana kuzombobvira abhadhara chinhu." Nekufamba kwenguva, Chipango akaendesa masheya aive muzita rake kuRaybeam Investments, inova kambani yaanodzora pamwe chete naShingirai Muzavazi, anove mukuru webasa paHarare shopping mall iyo mauto ari varidzi vechimwe chikamu chayo. Mauto naMuzavazi vakaramba kupa rutivi rwavo pamusoro penyaya iyi. Chipango akarambawo kupa mafungiro ake.

Chipango, anove muzvinabhizimisi akazvimirira uye akapfuma,

## Anonzi "ndiManeja wezveBhizimisi" waVaChiwenga

THE SENTRY

**Mukuwirirana nemagwaro ekurambana uye emakambani, Chipango aiva zvose mukuru-mukuru we-makambani anoita nezvekuvaka aChiwenga uye aine masheya mukambani yeSpincash Investments, iyo ine masheya 30% yekambani yeAfrican Chrome Fields.**






Pamufananidzo mukuru, kumusoro nechekurudyi: VaChiwenga vachiongorora matombo ekoromu nemushandi wekambani yeAfrican Chrome Field, Ashruf Kaka (ari kurudyi, akapfeka kepisi yebhesibho nemagirazi ezuva) muna 2016. Kaka anoti hapana chakaipa chaakaita. Mufananidzo: Bhurocha reAfrican Chrome Fields.

anomiririra VaChiwenga, mukuwirirana nemashoko evanhu vatatu vakabvunzurudzwa neThe Sentry, uyewo mumwe wavo akatsanangura Chipango "samaneja panhau dzebhizimisi anoshandira VaChiwenga avo vanova Mutevedzeri weMutungamiri weNyika." Chipango uyu anovimbwa naye zvikuru zvekuti akatoitwa mukuru-mukuru wemamwe emakambani mavivi edzimba aVaChiwenga, kusanganisira kambani inongoita zvekutenga masheya yemashoni yemba yemuHarare yemutevedzeri wemutungamiri wenyika. Moti anoramba kuti Chipango anomiririra VaChiwenga.

Hurongwa hwekutanga hwaMoti nekuda kwekambani yeACF hwainge huri hwekuchera nekutengesa

koromu isina kucheneswa yoendeswa kuSouth Africa uko yaizopiswa yocheneswa mufakitori yake, panguva imwe cheteyo achivaka fakitori itsva kupurovhinzi yeMidlands muZimbabwe, kuitira kuti anyatsowana “goho” rakakura—nekuvandudza hukoshi—achizviitira mukati menyika. Nekuita aya mazano maviri, kambani yeACF yakabatsirikana kubva pamitero inotemwa zvichienderana nehukoshi hwezvhinhu uye pazvisarudzo zviri maringe nemitemo yezvinofanira uye kusafanira kuburitswa munyika, zvakaita seapo VaMnangagwa, apo vaive Mutevedzeri weMutungamiri weNyika vakanyengetedza Dare reParamende mugore ra2015 kuti ribvise mutemo vairambidza kutengeswa kwekoromu isina kuchenetswa kunze kwenyika. Kambani yeACF nemubatanidzwa wayo nemauto—Zimbabwe African Chrome—vakaendesa chikumbiro chavakaita vari pamwe chete chekuti vapihwe National Project Status (NPS), iyo yaizovabvumira kuti vatenge nekupinza munyika midziyo yekushandisa pabasa pasina kubhadhara mutero pabhodha. Kambani yeACFyakawanawo mvumo yekutenga nekupinza makemikari munyika pasina kubhadhara mitero, yakanzi haisungirwi kutevedzera mitemo inopa masimba kuzvizvarwa zvemunyika kuti zvive nemasheya mumakambani azvinoshandira ane varidzi vasiri zvizvarwa zvemunyika, uye kusabatwa nemitemo yebhanga guru renyika inopa mvumo yekuchinjwa kwemari kuitira “kuenzanisa” mari dzakapinda mukambani yeMoti Group nemari dzayakabhadhara pakupinza nekuburitsa zvinhu pabhodha. Mugore ra2016, Moti akakumbira rubatsiro rwaVaMnangagwa kuti asabhadhariswe mari yemutero wekupinza dhiziri munyika, achivimbisa kupa marita anosvika 10,000 pamwedzi kumapurisa, mauto, uye kuhurumende yeZANU-PF yekupurovhinzi yeMidlands. Panguva iyoyo, zvimwe zvezvibvumirano izvi—kusanganisira chekupinza dhiziri munyika pasina kubhadhara mutero—zvakatsoropodzwa nedare reParamende uye nemhandu dzezvematongerwo enyika dzaVaMnangagwa.

Zvimwewo zvikumbiro zvaMoti zvinoita sezvisina kubudirira, zvakadai seapo akakumbira VaMnangagwa mugore ra2016 kuti apiwe pasipoti inopiwa vamiririri wenyika achiitira kuti asabvunzwa uye kupa mashoko azere nezvemaitiro nezvikiribidi zvake pakuchenesa koromu muSouth Africa, uyewo chikarakadzo chaakapa VaChiwenga mugore ra2017 chekuti paitwe gadziriro yekuchinjana vasungwa pakati penyika yeZimbabwe nenyika yeUnited Arab Emirates izvo zvaizobatsira Moti pamakakatanwa ake ezvemutemo nemuzvinabhizimusi wekuRussia. Moti anoramba kuti ane kana kuti aimbove nepasipoti inopiwa vakuru-vakuru vehurumende uye akatau-

ra kuti haana chaanoziva nezvenhau yekuchinjana vasungwa iyi. Zvisinei, Moti akahwinha mikana yakawanda yemakondirakiti munguva iri pakati pegore ra2015 nera2019, apo kambani yeACF yaive nehukama hwebhizimisi nemwanakomana waVaMnangagwa uyezve aidyidzana naVaChiwenga mune zvebhizimisi, uye mazhinji eaya makondirakiti akapera kushanda mushure megore ra2019, apo Moti anonzi akagura hukama hwake naVaMnangagwa. Kambani yeMoti Group yakati makondirakiti ayo ikapiwa aive nechinangwa chekukurudzira wezvemabhizimisi wekunze kuti vaite bhizimisi munyika uye aiwanikwawo nemamwe makambani uye kuti kambani yeACF haina kubatwa zvakanaka kupfuura zvaiitwa mamwe makambani. Mubatanidzwa wakaitwa pakati pekambani yeACF nechikamu chemauto enyika cheZDF waingove wekuchera koromu munzvimbo idzo mauto aive varidzi vadzo asi purojekiti iyi haina kuzoitika, Moti akadaro achiudza weThe Sentry.

## Kubva muna 2015 kusvika 2016

**19 Kurume, 2015**
Chibvumirano pakati peZimbabwe neACF chinosainirwa neMutevedzeri weMutungamiri weNyika VaMnangagwa.

**2 Kubvumbi, 2015**
Mushandirapamwe weACF neZDF unotanga.

**23 Kubvumbi, 2015**
Spincash inonyoreswa zviri pamutemo

**2 Chivabvu, 2015**
Emmerson Mnangagwa Jr. anove chipangamazano weACF.

**19 Chivabvu, 2015**
ACF nevainoshandira pamwe navo veZDF vanoita chikumbiro pamwe chete chekuti ipihwe National Project Status.

**4 Chikumi, 2015**
VaMnangagwa vanobudirira kubvisa mutemo unorambidza kutengeswa kwekoromu kunze kwenyika.

**20 Chikunguru, 2015**
ACF neSpincash vanosaina chibvumirano chekutengeserana masheya.

**23 Chikunguru, 2015**
ACF inopa 30% yemasheya ayo kuSpincash. Chipango anoramba aine 25% yemasheya eSpincash.

**20 Ndira, 2016**
ACF inokumbira rubatsiro rwaVaMnangagwa kuti ibvisirwe mutero wekupinza dhiziri.

## Muchina weSpincash

Kushanda kwaTagwirei panhau dzebhizinisi naMoti kwakatanga muna Gumiguru wegore ra2017 apo Tagwirei akatsvaka mari yechikwerete yekubatsira kambani yeACF kuti ipedze kuvaka fakitori yayo yekutsvenenzvera zvinhu. Pakazosvika musi wa17 Mbudzi, gore ra2017, ukama hwavo hwainge hwakura zvekusvika pakuve nepfungwa dzekuita zvinhu zvikuru kwazvo: Kambani yaTagwirei yeSakunda Holdings yakabhadhara mari inosvika $120 miriyoni nekuda kwemasheya anosvika 30% eSpincash kukambani yeACF.


Apo Spincash yakagamuchira mari inosvika $120 miriyoni iyo yaibhadharwa naTagwirei muzvikamu-zvikamu, kambani yeSpincash nekambani yeACF dzakatanga kufambisa mabhadharirwo emari iyi mumwedzi yakawanda. Kubhadhara uku kwakaitwa pasi pekondirakiti yechikwereti nemakambani maviri ainge achangotangwa, kambani yeJayT Global Bureau de Change neyeOakland Mining, muzvinabhizimusi Patrick Chinondo anove chizvarwa chemuZimbabwe ari mumwe wevaridzi vemakambani aya. Kubva muna Mbudzi wegore ra2017 kusvika muna Gunyana wegore ra2018, kambani yeACF neyeSpincash dzakatanga kuendesa mari kumakambani emuZimbabwe pahurongwa hwakatanga huchizivikanwa mukambani yeMoti Group kuti "Kuda ari pakukweretesa," mukureva Tagwirei. Mukuwirirana nemakondirakiti emari dzezvikwerete idzi nemamwe magwaro emari, kambani yeJayT yakawana mari kubva kukambani yeACF, uye nekufamba kwenguva kambani yeOakland yakawana mari kubva kukambani yeSpincash. Makambani ose aya ari maviri yeJayT neyeOakland akarayirazve kambani yeACF neyeSpincash kuti abhadhare mari kuvamwewo. Pasi pemakondirakiti aya, kambani yeMoti Group pakupedzisira yakabhadhara mari inosvika $130.7 miriyoni—muzvikamu-zvikamu zvinosvika 595—kumakambani anosvika 28 nekuvanhu vanosvika vana.

Mari ingangosvika $60 miriyoni inogona kunge yakabhadharwa kumakambani anodyidzana naChinondo nekuvakuru-vakuru biyake vekambani yeJayT, imwewo mari inosvika $60 miriyoni yakaendeswa kumakambani ane zvinyorwa zvisiri kuwanika zvinoratidza kana makambani aya akanyoreswa zviri pamutemo kubazi rinoona nezvekunyoreswa kwemakambani reZimbabwe company registry, uye mari isiri pasi pe$3 miriyoni yakaendeswa kumakambani anodyidzana nevari mune zvematongerwo enyika.

Kambani yakanyoreswa kuti ive muridzi wepurazi raVaMnangagwa,

**Mukuwirirana nemagwaro ekurambana uye emakambani, Chipango aiva zvose mukuru-mukuru we-makambani anoita nezvekuvaka aChiwenga uye aine masheya mukambani yeSpincash Investments, iyo ine masheya 30% yekambani yeAfrican Chrome Fields.**

THE SENTRY




inonzi Pricabe Enterprises, yakawana mari inosvika $1 miriyoni mumwedzi waZvita wegore ra 2017, ukuwo mari inosvika $2 miriyoni yakaendeswa kukambani yeCosmotex Investments, inodzorwa naChipango uye Evelyn Chakuinga, uyo anonzi muzukuru waVaChiwenga, muzvikamu zvekubhadhara zviviri zvemari inosvika $1 miriyoni mumwedzi waZvita wegore ra2017 uye Ndira wegore ra2018. Chakuinga, VaChiwenga, VaMnangagwa, uye Pricabe vakaramba kupa rutivi rwavo pamusoro penyaya iyi.

Mumwedzi waNdira wegore ra2018, imwe mari inosvika $500,000 yakaendeswa kubhizimisi rekutengesa dzimba remubatanidzwa nekambani yaSupa Mandiwanzira, anova muzvinabhizimisi uye panguva yacho ari gurukota remashoko neruzivo rwekukurukurirana. Muhurukuro dzaakaita neThe Sentry, Mandiwanzira akaramba kuti hapana chakaipa

chaakaita panyaya iyi. Bhizimisi rekutengesa dzimba raiva chikamu chikuru chehurongwa hwekuchera koromu munzvimbo dzainge dzawanikwa zviri pamutemo uye dzatengwa nemakambani aMandiwanzira pachitevedzwa mitemo chaiyo yebhizimisi —kunyange hazvo pakupedzisira hurongwa uhu hwekuchera koromu husina kuzobudirira —akadaro. Mandiwanzira akaudza veThe Sentry kuti kunyange zvazvo aiva gurukota, zvaaiita izvi panhau dzebhizimisi zvaisabva pakushandisa simba rake segurukota sezvo dhipatimendi rake raisabata nyaya dzemigodhi kana kuti dzekuchengetedzwa kwenharaunda.

Kambani yeACF yakabhadhara Chiweshe mari inosvika $100,000 mumwedzi waKukadzi wegore ra2018 sechikamu chehurukuro idzo dzisina kuzobudirira pakupedzisira dzaive pamusoro pekuchera koromu munzvimbo yainge yawanikwa nekambani yeOverseas Trends Resources (OTR), iyo Chiweshe aitungamira. Chiweshe, uyo akazove jaji weDare Repamusoro-soro, aive gweta remauto uye achizivikanwa nekuva sachigaro aive akarerekera kudivi rimwe wekomishoni inoona nezvenhau dzesarudzo munyika yeZimbabwe Electoral Commission munguva yesarudzo dzakabiririrwa dzegore ra2008. Muna Kukadzi wegore ra2017, hurumende yakapa kambani yeOTR nzvimbo yekuchera koromu kwenguva inosvika makore 20 uye yakakura mahekita 6,000. Mandiwanzira akaudza veThe Sentry kuti ndiye akaita kuti Chiweshe asvike pakuzivikanwa naMoti, uyo aitsvaka nzvimbo dzakawanda dzekuchera koromu, kuti vaite hurukuro dzebhizimisi dzisina zvipomerwa idzo dzakatangwa mukutanga kwegore ra2017. Chiweshe akati haayeuki kuti pane chero mari yakabhadharwa ndokuudza veThe Sentry kuti chinzvimbo chake mudare redzimhosva hachinei chokuita nekambani yeOTR, iyo yaingoshandidzana nekambani yenyika yeZimbabwe Mineral Development Corporation. Chiweshe haana kupindura mubvunzo wekuti ndiani muridzi wekambani yeOTR—iyo ine magwaro asiri kuwanikwa kubazi rinonyoresa zviri pamutemo makambani kuti atange kushanda—asi akataura kuti, kunyange aitungamira kambani iyi, "pfungwa yekuti kambani yeOTR iturusi rekuti ndizviwanire zvinhu haina kunaka uye haisi yechokwadi." Kambani yeMoti Group yakasimbisira kuti kambani yeACF yakabhadhara mari inosvika $100,000 kuna Chiweshe.

Pangosara mwedzi kuti sarudzo dzenyika dziitwe muna Chikunguru wegore ra2018, mari inosvika $1.75 miriyoni yakaendeswa kukambani yeSpartan Security. Mukuwirirana nechikamu chekunyoreswa kwemakambani munyika cheZimbabwe's company registry, mumwe wevakuru-vakuru wekambani yeSpartan

## Nguva yakatorwa 2017 kusvika 2018

Nepo pasina zvinoratidza kuti Moti Group yakatsigira kubvutwa kwemasimba, asi makakatanwa ez-vematongerwo enyika aiitika muna2017 panguva apo ACF yaimhanya-mhanya nezvibvumirano zvayo, uye dzimwe mari dzakabhadharwa dzakabatsira nhengo dzinotsigira VaMnangagwa.

THE SENTRY

### Zviitiko zveMatongerwo eNyika

**12 Nyamavhuvhu, 2017**
Mnangagwa anofunga kuti adyiswa muchetura pamusangano wekutsvaka rutsigiro webato.

**10 Gunyana, 2017**
Grace Mugabe anoshora Mnangagwa pajekerere.

**6 Gumiguru, 2017**
Mnangagwa anotaura pajekerere kuti akadyiswa muchetura. Grace Mugabe anoti handiye akaita izvi.

**6 Mbudzi, 2017**
Mnangagwa anodzingwa basa neMutungamiri weNyika VaMugabe.

**14 Mbudzi, 2017**
Kubvuta masimba kunotanga.

**21 Mbudzi, 2017**
Kubvuta masimba kunopera.

**24 Mbudzi, 2017**
Justice Chiweshe anopa mutongo wekuti kubvutwa kwemasimba kwaiva pamutemo. Mnangagwa anogadzwa semutungamiri wenyika.

**27 Zvita, 2017**
Chiwenga anogadzwa kuti ave mutevedzeri wemutungamiri wenyika.

**30 Chikunguru, 2018**
Sarudzo dzinoitwa.

### Zviitiko zveACF

**19 Chikumi, 2017**
Hukama hwaVaMnangagwa nekambani yeACF hunotso-ropodzwa mudare remakurukota ehu-rumende nevatsi-giri veMutungamiri weNyika VaMugabe.

**18 Gunyana, 2017**
Gurukota reMigodhi VaChidakwa vanoramba kupa kambani yeACF rezinesi rekutengesa kunze kwenyika.

**29 Gunyana, 2017**
ACF inosungisa Chidakwa.

**17 Mbudzi, 2017**
Tagwirei anobhadhara $120 miriyoni kukambani yeSpincash kuti awane 30% yeACF.

**21 Mbudzi, 2017**
Spincash/ACF inotanga kubhadhara kambani yeJayT Global.

**5 Zvita, 2017**
Spincash/ACF inobhadhara mari inosvika $1 miriyoni kupurazi raVaMnangagwa.

**19 Zvita, 2017**
Spincash/ACF inobhadhara mari inosvika $1 miriyoni kukambani yeCosmotex, iyo inonzi vaku-ru-vakuru vayo muzukuru waVaChiwenga uye Chipango.

**8 Ndira, 2018**
Spincash/ACF inobhadhara imwe mari inosvika $1 miriyoni kukambani yeCosmotex.

**2 Kukadzi, 2018**
ACF inobhadhara mari inosvika $100,000 kuna Justice Chiweshe.

**4 Chikunguru, 2018**
Spincash/ACF inobhadhara mari inosvika $1.75 miriyoni kukambani yeSpartan Security.

ndiTarirai David Munangagwa, uyo anove hama yaVaMnangagwa uye anonzi akabatsira VaMnangagwa ava kutiza vachibuda muZimbabwe kubvutwa kwemasimba ehutongi kusati kwatangwa. Chimwewo chin-yorwa— chakati kambani yeSpartan yakatengera bato reZANU-PF mota dzekuti rishandise musarudzo dza2018 ndokubatsira pakubhad-hara mari kunze kwenyika nekuda kweZDF nemahafosi evatevedzeri vemutungamiri wenyika vose vari vaviri—chinoti Munangagwa akaparadzana nekambani yeSpartan muna 2016 (mashoko anopesana neari kune vanonyoresa makambani, uko nguva dzose anenge asingafambirani

nezviripo), asi akaramba ari shamwari yepedyo yemuridzi wekambani yeSpartan. Kambani yeSpartan naTarirai Munangagwa vakaramba kupa rutivi rwavo pamusoro penyaya iyi. Kambani yeMoti Group yakati mari yayakabhadhara kuSpartan yainge yakumbirwa nekambani yeJayT uye yainge isinei nekutengwa kwemotokari. Kambani yeMoti Group yakaendesa mota 50 kuna Tagwirei kuti dzishandiswe neZANU-PF mukutsvaga rutsigiro musarudzo dza2018, asi yakati idzi dzainge dzatengwa naTagwirei sehurongwa hwekutengeserana hwenguva dzose nechikamu chavo chinoita zvekutengesa mota. VeThe Sentry vakaedza kutaura naTagwirei, asi akaramba kupa rutivi rwake pamusoro penyaya iyi.

Kambani yeMoti Group inotsanangura mari yakabhadharwa kambani yeSpincash muzvikamu-zvikamu zvinosvika 595 senzira yekutsvaka kuita mari, yakabhadharwa apo mari yemuZimbabwe (Real Time Gross Settlement dollars, kana kuti RTGS$) yaidzikira hukoshi hwayo: "kambani yeACF kana kuti yeSpincash yakashandisa mari yakabhadharwa nekambani yeSakunda pakutenga ndokuiisa mumabasa nemikana yebhizimisi yemuZimbabwe nechinangwa chekuedza kuchengetedza hukoshi hwemari iyi kuti isadzikira hukoshi hwayo… Kambani yeJayT neyeOakland dzinobatanidzwa pamari idzi dzakafanobhadharwa, idzo chaizvoizvo dzaive mari dzezvikwereti." Chinondo, uyo anova muridzi wekambani yeJayT neyeOakland, akaudza veThe Sentry kuti mari idzi dzakabhadharwa "kune vaitiitira basa nekutipa zvinhu panguva iyoyo. Zvinogona kunge zvakaitika ndezvekuti takakumbira kambani yeACF kuti ibhadhare zvakananga vanotitengesera zvinhu zvatinoshandisa nekuda kwechimwe chezvikonzero zvinotevera: vanotitengesera zvinhu zvatinoshandisa vanogona kunge vakakumbira kuti vabhadharwe nekukurumidza mari dzavo dzose kuitira kuti vasarasikirwa nemari zvichikonzerwa nekuchinjia-chinja kwemitengo yezvinhu sezvo yaiva nguva apo mari yaidonha hukoshi hwayo zvakanyanya; vanotitengesera zvinhu zvatinoshandisa vaisada kutarisana nenjodzi yekuchengeta mari mubhanga (RTGS$) pasinei nekuti hurumende yaiti iyi mari yainge yakangoenzana pahukoshi hwayo nemari yemaUSD $ panguva yacho, sezvo mari yaive mubhanga iyi (Rtgs$) yaive nehukoshi hwakasiyana payaienzaniswa (nemari iri musvo yemadhora Chaiyoiyo ekuAmerika), vanogona kunge vakatitumira vavaida kuti tivabhadhare sezvavagara vaiita kwenguva refu. … Saka mumashoko mapfupi, mari yakabhadharwa kune vaitiitira basa uye vaititengesera zvinhu zvataishandisa asi vakuru-vakuru 3 pa4 vanogona kunge vakapa chikumbiro chekuti mari iyi ibhadharwe."

Payakabvunzwa pamusoro pemari dzakabhadharwa kumakambani aidyidzana nevari mumatongerwo enyika akadai sePricabe, Cosmotex, neSpartan Security, kambani yeMoti Group yakaudza veThe Sentry kuti, "Kambani yeIJay neyeOakland ndidzo dzaitinyorera tsamba dzichitikumbira kuti tibhadhare vanhu vakasiyana-siyana." Chinondo akati, "Mamwe ose aya handinyatsoaziva kunze kwekambani yeSpartan Security Services iyo yatakashandidzana nayo kare ikako. Muzvinyorwa zvedu hatitorina ese aya. Kana kambani yeACF yakavapinza mumakondirakiti edu chinenge chiri chikanganiso nekuti haasi edu uye hatina zvinyorwa zvinoratidza kuti takaita chikumbiro chekuti vatibhadharire mari idzi." VeThe Sentry vakabvunza kambani yeMoti Group kana iine humbowo hunoratidza kana mari dzezvikwereti dzakabhadharwa, asi hapana madhokumendi avakaratidza.

## Botswana

Mugore ra2019, kambani yeMoti Group yakasvika ichida kukurukura naChinondo pamusoro pehurongwa hwekutsigira bato rezvematongerwo enyika muBotswana vaine tarisiro yekuwana mikana yezvebhizimisi. Muna Chivabvu wegore ra2019, Chinondo akabvuma kubhadhara mari inosvika $1 miriyoni pakutenga masheya anosvika 11% yeLongway Solutions, inove kambani yeMoti Group yakanyoreswa munyika yeSeychelles. Mukuwirirana nechibvumirano ichi, kambani yeLongway yakapa mari inosvika $9.4 miriyoni kubato raDuma Boko reUmbrella for Democratic Change (UDC) mukutsvaka kwaro rutsigiro musarudzo dzegore ra2019 "kuitira kuti kambani iyi iwane mimwe mikana yakawedzerwa yekuita zvebhizimisi." Zvimwe zvinyorwa zvenhau dzemukati mekambani yeMoti Group zvinotsanangura nzira iyo kambani yeLongway kana kuti vamiririri vayo vakatsvaka "kushanda saChipangamazano kuhofisi yeMutungamiri weNyika panguva yehutongi hwebato reUDC"; kuti "vagadzwe semunyayi mukuru pakutsvaka mumwezve mukana webasa kuti vashandidzane neDe Beers vachimiririra Hurumende yeBotswana"; "kumaneja mabasa epabhodha nekuchengeteka" vachizviita " vari vega kwemakore 10"; nekuvhura "Bhanga reNyika rekuzobhadhara mari dzepenjeni nezvimwewo zvakafanana. Hurumende

yeBotswana yaizobhadhara mari yekutanga inosvika BWP 1 bhiriyoni." Mumagwaro aya munewo mundandanda wemabasa ainge akarongerwa kambani yeLongway mukutengesa mafuta edzimota pamusika mukuru uye mudiki, fakitori inogadzira lithium oxide, kuendeswa kwefetereza pamusika mukuru uye kutengwa kunze kwenyika wezvekushandisa pakurima, kutengeswa kwenyama yemombe yerudzi rwehalal kunyika dzekuArabhu, uye hurongwa hweinishuwarenzi yezveutano iri pamutemo nekuda kwevanoshanyira nyika yeBotswana. Hazvisi pachena kana Boko kana kuti bato reUDC rakabvuma chero chimwe chehurongwa uhwu, uye Boko akaramba kupa rutivi rwake pamusoro penyaya iyi. Mukupindura zvakabvunzwa neThe Sentry, Chinondo akati, "Iyi inhau hombe inonakidza zvikuru, Ndizvozvo kuti ndakapihwa masheya aya nemikana yekuita bhizinisi, asi pashure Pekufungisisa Zvakadzama handina kuabhadharira sezvo ndakazoona kuti panga pasina chine musoro pane zvaipiwa saka ndicho chikonzero nei pasina mari yakazobhadharwa nekuda kwemasheya aya. Zvisinei zvakakosha kutaura kuti pandakapiwa mikana iyi yekuita bhizimisi kwainge kurotawo zvako kwaiitwa nekambani yaiita seiri kutengesa masheya uye vakandinyengetedza kuti ndisaine Gwaro reChibvumirano asi handina kutenga masheya."

Mugore ra2019, vezvenhau vakashuma kuti Moti akabatsira nemari pakutsvaka rutsigiro musarudzo kwaBoko, kusanganisira kumupa ndege yerudzi rwejeti yake pachake nechikopokopo. Moti akabhadharawo mari yekuti bato reUDC ripikise zvainge zvabuda musarudzo izvo rikakundikana kuhwinha mushure mekukundwa musarudzo dza2019. Boko akaramba kupa rutivi rwake panyaya iyi asi mushure ainge ataura pane imwe hurukuro kuti: "Zunaid Moti anopfuura kungove shamwari kwandiri. Akangofanana nemukoma. Ndozvaaive kwemakore akawanda…akangofanana nemunhu wandakasiirana naye zamu kwandiri. Paakabvunzwa kana Moti aive munhu waakasiirana naye zamu anodhoneta mari kwaari, Boko akapindura kuti, "Ndizvozvo, vandakasiirana navo zamu vanodhoneta mari kwandiri. Vanosungirwa kuita izvi. Saka hapana chinoshamisa pazviri."

Kambani yeMoti Group yakati yakangopa rutsigiro rwusina kunyanya kukura kubato reUDC, kwete mari Inosvika $9.4 miriyoni, ndokutaura kuti, “Tinotsigira hutongi hwegutsaruzhinji, uye ndosaka takapa rutsigiro rwakakumbirwa nebato reUDC, sezvo riri bato rezvematongerwo enyika riri pamutemo. Hapana chakaipa nekuwana mafuta edzimota, lithium, fetereza kana kuti chimwe chinhu nenzira yekuita bhizimisi. Zvataikarakadza zvaizosimudzira nyika yeBotswana, uye zvaizobatsira ivo. Saka tinoda kutora mukana uno kutaura kuti tinotsigira mapato ose ari kutonga mudunhu reSADC [Southern African Development Community].”

# Dare reKuongorora

Mugore ra2019, hukama hwaMoti naVaMnangagwa uye Tagwirei hwakadzikira, ukuwo hushamwari hwake naVaChiwenga hwakaramba huripo. Kambani yeMoti Group inoramba ichikumbira rubatsiro rwaVaChiwenga kuti kambani yeACF iitirwe mitemo yakainakira, kusanganisira kuti ipiwezve rezinesi rekuti inoita mabasa anobatsira nyika reNational Project Status iro rakaekisipaya uyezve kuti ipiwe kondirakiti yekupinza dhiziri munyika pasina kubhadhara mutero.

Ari pakati pekuchinja zvinhu mukambani, Moti akazivisa munguva pfupi yapfuura nezvehurongwa hwake hutsva nezvekambani yeAfrican Chrome Fields, paine hurongwa hwekuvhura fakitori itsva nechepakati pegore ra2023. Akaudza veIndependent Online, inove nzvimbo inoburitsa nhau yekuSouth Africa kuti: "Zvakanditorera makore anoda kusvika 10 kutsvakurudza nekuumba zano iri. Ndakatanga basa rekuvaka mugore ra2016. Zvaida moyo murefu. Idzi ndidzo shungu dzangu."

Zvakakosha kuongorora kuti zvionekwe kana kambani yeACF yakakura nezvimwewo zvinopfuura kuva nemoyo murefu. Pakabiwa mari inosvika $780,000 papurazi remutungamiri wenyika yeSouth Africa VaCyril Ramaphosa, mhosva iyi yakatanga kuongororwa zviri pamutemo pachitungamirirwa neaimbove Mukuru wemaJaji Sandile Ngcobo. Nyaya iyi, yemari inosvika $1 miriyoni iyo yakabhadharwa kupurazi raVaMnangagwa vanove Mutungamiri weNyika ichibhadharirwa zvikonzero zvisati zvave kuzivikanwa, inofanirawo kuongororwa nekomishoni inoongorora inenge iine vanhu vakakodzera vemuZimbabwe uye vemunyika dziri